# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–25 अगस्त 2025 भोजपुरी समाचार

भारत अउर फिजी स्वास्थ्य अउर मानकीकरण, क्षमता निर्माण आ कई बड़हन परियोजना के सम्बन्ध में सात गो समझौता ज्ञापन क आदान–प्रदान कइले हवें। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु नई दिल्ली के हैदराबाद हाउस में फिजी क प्रधानमंत्री सितिवेनी राबुका के साथे सिस्टमण्डल स्तर क बातचीत कइलें। एकरे बाद उहां के संवाददाता सम्मेलन के सम्बोधित करत कहलीं कि दुन्नो देसन के बिच्चे आपसी सम्बन्ध में एगो नया अध्याय जोड़ल जा रहल बा।

**भारत और फिजी के बीच आत्मीयता का गहरा नाता है। उन्नीसवीं सदी में भारत से गए साठ हजार से अधिक गिरमिटिया भाई–बहनों ने अपने परिश्रम और पसीने से फिजी की समृद्धि में योगदान दिया है। फिजी की रामायण मंडली की परंपरा इसी का जीवंत प्रमाण है।**

प्रधानमंत्री आतंकवाद के खिलाफ भारत के लड़ाई में सहजोग अउर समरथन बदे फिजी सरकार क अभार जतवलें। उहां के घोसणा कइलीं कि फिजी यूनिवर्सिटी में हिन्दी अउर संस्कृत पढ़ावे बदे भारतीय सिक्षक भेजल जाई। ओहीं फिजी क पंडितो भारत आ के ट्रेनिंग लीहें।

**********

गृह मंत्री अमित शाह एक सौ तीसवां संविधान संसोधन विधेयक क बिरोध करे बदे बिपक्षी दलन क आलोचना कइले हवें। एगो समाचार एजेंसी के दीहल गइल इंटरव्यू में उहां के आरोप लगवलीं कि बिपक्षी नेता जेलि में रहत सरकार बनवले अउर चलवले क कोसिस कइ रहल हवें। गृह मंत्री कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ही येह विधेयक के तहत प्रधानमंत्री पद के ले अइले पर जोर दिहले रहलें।

**आज भी भारत के जन प्रतिनिधित्व कानून जो है उसके अंदर प्रावधान है, किसी भी चुने हुए प्रतिनिधि को दो साल या इससे अधिक समय के लिए सजा होता है तो वो अपने स्थान से मुक्त हो जाएंगे, सांसद के रूप में। अब उस पर हाईकोर्ट की अपील बाकी है इस पर सुप्रीम कोर्ट की अपील बाकी है। मगर एक मॉरल ग्राउंड तय करने के लिए कानून आजादी मिली तब से बना है।**

**********

भारतीय अंतरिक्ष यात्री ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला क आजु लखनऊ में विज्ञान अउर प्रोद्योगिकी विभाग की ओरि से आयोजित नागरिक अभिनंदन समारोह में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ स्वागत कइलें। एहसे पहिले मुख्यमंत्री शुभांशु शुक्ला अउर उनके परिवार के सदस्य लोगिन से मुलाकाति कइलें। मुलाकाति के बाद एगो सोसल मीडिया पोसट में मुख्यमंत्री कहलें कि ग्रुप कैप्टन क असाधारण उपलब्धि नया पीढ़ी के विज्ञान अउर अनुसंधान के क्षेत्र में आगे बढ़ले क प्रेरणा देले।

**********

एहसे पहिले भारतीय अंतरिक्ष यात्री ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला क अपने गृह सहर लखनऊ अइले पर भव्य स्वागत कइल गइल। प्रदेस क उप मुख्यमंत्री बृजेश पाठक, लखनऊ नगर निगम क महापौर सुषमा खर्कवाल अउर स्कूली बच्चा लखनऊ के चौधरी चरण सिंह हवाई अड्डा पर भिन्नहीं उनकर स्वागत कइलें। एकरे बादे ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला अपने माता–पिता, पत्नी अउर महापौर के साथे विक्ट्री परेड निकरलें। येह परेड क कई जगहिनि पर लोगि गर्मजोसी से अभिनंदन कइलें। उहां के अपने विद्यालय सिटी मांटेसरी स्कूलो पहुंचलीं जहवां स्कूली बच्चा अउर ओइजा मौजूद जनसमूह उनकर स्वागत कइलें। ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला अपने स्कूल के विद्यार्थियन के साथे बातोचीत कइलें। उहां के मीडिया से बतियावत कहलीं कि अंतरिक्ष से भारत बहुत सुन्दर देखाई देला। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी से मुलाकाति के दौरान अंतरिक्ष से लिहल गइल भारत क दृस्य ऊ उन्हें देखवले रहलीं। आकाशवाणी समाचार से बतियावत ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला कहलें कि अंतरिक्ष में भारत क भविस्य स्वर्णिम बाटे।

**मुझे लगता है कि बहुत गोल्डेन पीरियड है और आगे आने वाले सालों में हम आप कई सक्सेसफुल मिशन देखेंगे, जब भारत की धरती से, भारत के नौसैनिक फील्ड से, भारत के कैप्सूल से कोई भारतीय ऊपर स्पेस में जाएगा।**

शुभांशु शुक्ला हाले में एक्सिओम–फोर मिशन पूरा कइ के भारत लवटल हवें। उहां के अंतर्राष्ट्रीय अंतरिक्ष स्टेसन पर पहुंचे वाला देस क पहिला अंतरिक्ष यात्री हईं। मिशन के दौरान उहां के साठि से बेसी वैज्ञानिक प्रयोग कइलीं।

**********

राज्यपाल आनंदी बेन पटेल आजु पंडित दीन दयाल उपाध्याय गोरखपुर विश्वविद्यालय क चउवालीसवां दीक्षांत समारोह क अध्यक्षता कइलिनि। येह दौरान उहां के एक सौ एकसठ प्रतिभासाली विद्यार्थियन के मेडल दिहलीं। उहां के तीनि सौ एक विद्यार्थियन के पीएचडी क उपाधियो दिहलीं। राज्यपाल येह मौका पर लागल परदरसनी क अवलोकन कइलिनि।

**********

प्रदेस के बुलंदसहर जिला में काल्हि देर राति भइल सड़क दुरघटना में नौ जने क मउति हो गइल जबकि पैंतालीस लोगि घाही हो गइलें। ई दुरघटना राष्ट्रीय राजमार्ग संख्या चौंतीस पर घटाल गांव के लग्गे ओह समय भइल जब एगो कंटेनर ट्रैक्टर के टक्कर मारि दिहलस।

**********